

Mande'm de Bil yo!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite nan klas mwen e li te fè yon pwogram sou bil.


Nou sè ak konpetans yon syantis pou kapab fè obsèvasyon, poze kesyon, fè prediksyon, e teste ide nou. Si nou gade nan twalèt lan mwen kapab montre'w enpe zouti ke mwen sèvi pou mwen kapab soufle bil. Mwen soufle anpil ak anpil bil nan yon sak zonyon. Mande'm a pwopo de fòm ak koulè yo.

Konbyen tan ke ou panse yon bil kapab rete? Yon segon, yon minit, dis minit? Ban'm pale'w de bèle chanm bil lan ak bil ki te rete yon pakèt tan. Ede'm fè yon "Bagay pou Fè Yon Gwo Bil" anba e m'ap montre'w kijan pou mete yon dwèt oubyen tout men'w nan bil lan san ke ou pa eklate'l.

Fè yon Bagay pou Fè yon Gwo Bil

Kisa ke ou bezwen:

- 2 chalimo
- 4 pye fil koton
- 1/4 savon vesèl (Dawn oubyen Joy travay pi byen)
- yon bokit ak 1 galon dlo
- yon kontenè ki pa gon men ki laj ase pou ke chalimo yo kapab kouvri nan fon an.



Kisa pou fè:

1. Mikse savon an ak dlo an nan bokit lan e vide solisyon an nan chodyè ki pa fon an ki fon de 1/2". Mikse li dousman pou li pa fè kim.
2. Mete fil lan a travè tou lè de chalimo yo e mare de pwent yo ansanm.
3. Lè ou sèvi ak de chalimo yo ansanm, tranpe li nan solisyon kim lan epi retire li.
4. Dousman dekoule chalimo yo. Eske ou wè fenèt bil la?
5. Pran fenèt bil nan lè e fè yon gwo bil Pou kapab lage bil de chalimo yo, dousman mete chalimo yo ansanm pou bil la fòme.

